Pou Piblikasyon Imedya: 11/01/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 32YÈM PWOPOZISYON NAN DISKOU SOU SITIYASYON 2017 ETA A: 38 MILYON DOLA POU REVITALIZASYON AYOPÒ ENTÈNASYONAL PLATTBURGH LA

Gouvènè an Bay $38 Milyon Dola Finansman Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a pou Aktive Rekonsepsyon Ayewopò a

Remodelasyon an Genyen Ladan l Kreyasyon Nouvo Sant Resepsyon ak Distribisyon Kago Ayeryen an ak Enstalasyon Dwan Avyasyon Jeneral la

Pwojè a Prevwa Kreye 825 Djòb Konstriksyon nan North Country

Kontrandi nouvo ayewopò yo disponib Isit la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Ayopò Entènasyonal Plattsburgh (Plattsburgh International Airport) ap resevwa 38 milyon dola nan Dezyèm Tou Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a (Upstate Airport Economic Development and Revitalization Competition) pou aktive reparasyon 43 milyon dola ayopò nan pasaj avyasyon North Country a. Pwojè sa, k ap pran aktyèlman ansyen etablisman militè ki pa itilize ase yo epi transfòme yo an yon sant transpò ak devlopman ekonomik modèn, ap kreye 825 djòb konstriksyon pandan tout dire li.

Gouvènè Cuomo te deklare: “Enfrastrikti transpò se baz ekonomi nou an e ak modènizasyon enpòtan sa yo nan Ayopò Entènasyonal Plattsburgh la, n ap asire ke pwosperite ekonomik alontèm North Country pou jenerasyon k ap vini yo. Envestisman sa sou pwen po kreye djòb epi bay rejyon sa sant tranzit li bezwen an pou l pwospere nan yon ekonomi 21yèm syèk. N ap kontinye envesti nan pwojè sa yo ki enpòtan anpil, pou konstwi pou lavni epi rann ekonomi nan rejyon nò nou yo pi konpetitif ke jamè anvan.”

Pou l rete konpetitif nan ekonmi mondyal jodi a, New York dwe re-imajine epi rekonstwi pasaj li yo pou ale nan eta sa epi, etandone karakteristik fizik ak pozisyon jewografik li, yon Ayopò Entènasyonal nan Plattsburgh gen chans pou l yon motè ekonomik kle pou North Country. Alòske remodelasyon 43 milyon dola ayopò a ap pran mezi pou amelyore eksperyans pasaje yo lè l ogmante kapasite li api ajoute nouvo detay ak

opsyon konsepsyon, eleman ki fè plis enpak nan plan an gen rapò ak modènizasyon etablisman an pou sipòte ekipman transpò k ap ogmante yo ak sektè ayewospas la, andedan Plattsburgh ak nan anviwon yo ak rejyon North Country a an antye.

Konstriksyon yon nouvo sant resepsyon ak distribisyon kago ayeryen ap pèmèt pwodiktè ki egziste yo transpòte pwòp materyèl yo, kreye djòb, epi atire nouvo konpayi nan rejyon an. Anplis, enstalasyon yon nouvo etablisman dwan avyasyon jeneral ap devlope konektivite entènasyonal la epi pèmèt avyon etranje yo itilize ayopò North Country a antanke yon baz operasyon. Y ap amelyore opsyon mobilite yon nouvo enstalasyon miltimodal tou pou pasaje ak anplwaye yo.

Gouvènè Cuomo fèk lanse Konpetisyon 200 milyon dola pou Konpetisyon Revitalizasyon ak Devlopman Ekonomik Ayewopò nan Rejyon Nò a, ki te lanse pou premyè fwa nan ane 2016 la. Nan Premye Tou a, yo te akòde 40 milyon dola bay Ayopò Rejyonal Elmira Corning (Elmira Corning Regional Airport) pou aktive transfòmasyon 58 milyon dola ayopò a, e yo te akòde 39.8 milyon dola finansman bay Ayopò Entènasyonal Greater Rochester (Greater Rochester International Airport) a pou aktive transfòmasyon 63.4 milyon dola a.

Konpetisyon an enkli 190 milyon dola pou sipòte pwojè ayopò yo, anplis 10 milyon dola yo te alwe pou Pwogram Sibvansyon Kapital pou Avyasyon Gouvènè a (Gouvernor’s Aviation Capital Grant), ki sipòte pwoteksyon ak sekirite, enfrastrikti, ak pwojè devlopman ekonomik yo nan ayopò ki pi piti atravè Eta a yo. Konpetisyon an vin ajoute sou reyisit Konpetisyon Konsepsyon Plan Prensipal Gouvènè Cuomo an pou Ayopò LaGuardia ak John F. Kennedy yo, ansanm ak tout jefò transfòmasyon ki deja antreprann nan rejyon Sid Eta a.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418